



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON LISANS ALKÒL 21 BAR AK RESTORAN ANPLIS POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS YO

Yo te sispann twa lisans paske y ap fonksyone nan zòn mikwo gwoup transmisyon Vil New York yo, ki gen ladan yon resepsyon maryaj ki te gen prèske 100 envite nan yon "Zòn Wouj"

Yo te sispann 238 lisans biznis alkòl pandan ijans sante piblik la

Yo te depoze ak trete 1,362 akizasyon jiska jodi a; mijzajou lis sispansyon ak akizasyon yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 21 bar ak restoran anplis nan Eta New York apre li jwenn yo an vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif yo ki lye ak pandemi an, ki gen ladan twa etablisman k ap fonksyone nan fason ilegal anndan zòn konsantrasyon eta te deziyen nan kad estrateji transmisyon nan mikwo gwoup li a. Nouvo sispansyon sa yo pote kantite lisans alkòl yo te sispann pandan pandemi kowonaviris la vin 238 ototal. Ottotal, yo te depoze 1,362 akizasyon kont bar ak restoran yo paske yo vyole règ ki gen rapò ak kowonaviris yo. Biznis yo jwenn k ap vyole règleman sa yo ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, byenke vyolasyon flagran yo kapab lakoz yo sispann lisans alkòl yon bar oswa restoran soulechan.

"Règ yo sèlman bon nan mezi yo byen aplike yo, epi tank nou te ogmante kantite tchèk nou fè sou bar ak restoran yo, ki fè yo te vin pi konfòm, sa k ap kreye yon anviwònman ki pi sekirite pou tout moun. Gen yon ti kantite pami mèt biznis yo ki toujou panse règ yo pa aplike pou yo -- menm nan zòn konsantrasyon yo kote eta a te swiv pwopagasyon ap ogmante -- epi sispansyon sa yo dwe sèvi kòm yon rapèl ke nou pral pran mezi kont sila yo ki met lavi moun New York yo an danje nan fason ensansib konsa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap kontinye lite kont fòmasyon gwoup transmisyon toupatou nan eta a, mèt bar ak restoran yo dwe konnen ke fòs entèvansyon Eta a pral kontinye fè respekte lalwa, epi si yo pa swiv règ yo y ap pèdi dwa pou yo sèvi alkòl."

Prezidan Otorite Alkòl Eta a, Vincent Bradley, te deklare, "Ogmantasyon konfòmite nou te wè a ankourajan men li pa siprenan, lè nou konsidere lefèt ke byen pifò mèt bar ak restoran yo se operatè k ap travay di, ki gen konsyans ki mete sante anplwaye yo,

kliyan yo ak kominote yo kòm premye priyorite. Toutfwa, piske risk ki asosye ak nonkonfòmite jis kèk move jwè rete elve, fòs entèkansyon an pral kontinye travay nou ap fè pou n asire yon ti kantite mèt biznis neglijan pa kanpe oswa ranvèse pwogrè eta nou an te fè a."

Anplis de mezi n ap pran pa mwayen fòs entèkansyon Plizyè Ajans Eta a kont etablisman nan zòn sid eta a yo kote aplikasyon an te yon tijan lach, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) te kontinye pouswiv efò aplikasyon yo toupatou nan eta a, kote y ap konsantre prezizeman sou zòn ozalantou inivèsite yo ak konte kote ka COVID-19 yo ap ogmante.

21 etablisman yo te bay òdonans ijans bilan sispansyon ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a sitiye nan Vil New York, rejyon Finger Lakes, Long Island, Mid-Hudson, Mohawk Valley ak North Country. W ap jwenn repatisyon selon konte a anba la:

Nan Vil New York:

- Bronx - 1
- Brooklyn - 2
- Manhattan - 2
- Queens - 4

An deyò vil New York:

- Albany - 1
- Jefferson - 1
- Nassau - 2
- Oneida - 1
- Orange - 1
- Oswego - 1
- Putnam - 1
- Seneca - 1
- Suffolk - 1
- Westchester - 2

Se Prezidan Bradley, Komisè Lily Fan ak Komisè Greely Ford ki te òdone sispansyon yo pandan plizyè reyinyon espesyal Komisyon Konplè a te fè ant 30 septanm ak 21 oktòb, atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman kote yo te swiv direktiv distans sosyal yo. Yo enpoze Bilan Sispansyon Ijans yo lè SLA a jwenn ke kontinyasyon fonsyonman yon biznis lisansye menase sante ak sekirite piblik. Yo remèt òdonans sispansyon yo soulechan epi yo rete anvigè jiska nouvèl òd, avèk sanksyon maksimòm lan ki gen ladan anilasyon lisans lan nan fason pèmanan ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki te resevwa yon sispansyon dijans gen dwa pou yo jwenn yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

W ap jwenn 21 bar ak restoran ke yo te sispann yo nan lis anba la a, ansanm avèk enfòmasyon sou vyolasyon yo a ak dat sispansyon yo a.

"Breeze's Banquet & Event Center" nan 215 Leland Avenue nan Utica, nan dat 30 septanm 2020

Baze sou rapò ki soti nan Depatman Sante (Department of Health) Konte Oneida ak yon plent yon envite ki te ale nan yon maryaj te pote, anketè SLA yo te aprann ke etablisman an te akeyi yon maryaj nan dat 4 septanm kote anviwon 160 envite te patisipe. Yo te mete tab yo nan distans ki mwens pase sis pye youn ak lòt, kote envite yo t ap antre mele, fè kòmand de bwason dirèkteman nan bar la, epi yo pa te reyisi obsève distans sosyal. Anviwon senkant envite t ap danse, pifò ladan yo san kachnen, epi yon DJ te fè yon anons kote li te mande pou envite yo evite poste foto sou rezo sosyo yo paske yo te pè pou Depatman Sante a pa bay yo kontravansyon. SLA te deja avèti mèt lisans lan nan de okazyon diferan avan sa pou yo swiv direktiv eta a yo, ki gen ladan yon jou avan evènman sa a. Etablisman an te enfòme SLA ke yo pa fè maryaj sou pwopriyete a epi yo pa t ap fè maryaj nan dat 4 septanm.

"Zebra Lounge NY II" nan 136-11 38th Avenue nan Queens, nan dat 30 septanm 2020

Nan dat 27 septanm, Biwo Cherif Vil New York la te wè plis pase 100 kliyan anndan pwopriyete a ki t ap bwè, fimen, ak chante kariyoki, sa ki an vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an plas depi 16 mas 2020, kote li te mete restriksyon sou manje anndan restoran nan Vil New York avan 30 septanm epi ki entèdi aktivite tankou kariyoki.

"Elite Palace" nan 69-02 Garfield Avenue nan Queens, nan dat 30 septanm 2020

Nan dat 25 septanm, Biwo Cherif Vil New York la te reponn pou al nan yon lokalite apre yo te pote plent kont vyolasyon distans sosyal kote yo te jwenn yon maryaj ki t ap dewoule epi te gen prèske twa san envite anndan -- sis fwa plis pase kantite patisipan yo otorize aktyèlman nan evènman yo -- ansanm ak yon gwoup mizikal ki t ap jwe epi yo te wè plizyè envite ki kanpe ki t ap antre mele ak bwè, pifò ladan yo san kachnen.

"El Nuevo Jomas Tavern" nan 112 Westchester Avenue nan Port Chester, nan dat 30 septanm 2020

Nan dat 26 septanm, ofisye Depatman Lapolis Port Chester a te reponn a rapò kont minè ki t ap bwè alkòl yo te jwenn sou yon pwopriyete ki t ap òganize yon gwo fèt avèk anviwon desan envite, malgre kapasite maksimòm legal la se sèlman 90 -- ke yo te dwe redui a 45 dapre règleman ki gen rapò ak COVID yo. Lapolis de remake pa te gen anpil envite ki te mete kachnen, yo te rapòte ke yo te konfiske dizuit hookahs, epi yo te jwenn ke ta sanble yo te dezaktive alam ensandi a.

"Leonard's of Great Neck" nan 555 Northern Boulevard nan Great Neck, nan dat 30 septanm 2020

Apre plizyè plent kont yon gran rasanbleman ak anpil bri, Kapitèn Ponpye Konte Nassau la te rankontre ak manadjè a deyò lokalite a nan dat 25 septanm ozanviwon 6:00 pm. Manadjè a te di ke mèt lisans lan t ap òganize yon maryaj avèk ant 100 a 120

envite -- omwen doub limit 50 moun pou rasanbleman ki pa esansyèl yo. Kapitèn Ponpye a te rapòte ke yo te avèti mèl lisans lan de semèn avan konsènan limit kapasite a, epi li te wè envite yo te kanpe, ap bwè epi inyore distans sosyal, te gen yon sal ki te anndan etablisman pou uit envite anndan l, ak yon lòt sal pou san ven.

"Tiki Bar North" nan 401A Boody's Hill Road nan Waterloo, nan dat 2 oktòb 2020

Nan dat 26 septanm, apre yo te pote plent pou vyolasyon distans sosyal, yon anketè SLA te fè yon vizit konfidansyèl nan pwopriyete a, epi li te wè anviwon swasant envite ki te rasanble nan bar la ak nan espas deyò a yo. Anketè yo te wè douz kliyan ki te kanpe nan bar la ki t ap bwè alkòl, anplis plizyè lòt kliyan ankò ki t ap mache al nan bar la pou yo fè kòmand bwason yo, pifò ladan yo san kachnen epi yo tout vyole Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Anketè a te achte yon bwason san manje nan men bamann lan san l pa gen kachnen epi li te wè mèl pwopriyete a deyò bar la san kachnen. Espas deyò a te plen moun kote gen kliyan ki ranpli yon tab piknik san pa gen distans sosyal kòm sadwa youn de lòt, epi moun t ap deplase an tout libète soti nan yon tab al nan yon lòt epi yo te inyore distans sosyal, pifò ladan yo te san kachnen.

"Pine Grove Inn" nan 1 First Street nan East Patchogue, nan dat 2 oktòb 2020

Nan dat 26 septanm, an repons a plizyè apèl 911 konsènan vyolasyon distans sosyal, kondi nan fason danjre, ak machin ki bloke antre prive kay yo nan zòn avwazinan yo, Depatman Lapolis Konte Suffolk la te ale nan pwopriyete yo epi yo te jwenn ant 200 a 300 envite ki t ap patisipe nan yon evènman yo te fè pwomosyon pou li nan yon espas deyò pwopriyete a ki pa gen lisans. Envite yo - pifò ladan yo pa te met kachnen -- te inyore distans sosyal epi yo t ap mache nan espas deyò a avèk boutèy bwason ki debouche nan men yo. Ofisye yo rapòte ke mèl lisans lan ak plizyè manm anplwaye sèvis yo pa te mete kachnen epi yo te jwenn prèv ke yo te fè pwomosyon pou lòt evènman nan lokalite a.

"La Botella Bar & Restaurant" nan 136 Lake Street nan Newburgh nan dat 4 oktòb 2020

Nan dat 2 oktòb, apre yo te pote plent pou vyolasyon foul moun ak distans sosyal yo, anketè SLA yo te fè yon vizit konfidansyèl al nan pwopriyete a, yo te jwenn yon DJ ki t ap jwe mizik epi te gen anviwon 100 kliyan anndan -- ki gen ladan anviwon kenz kliyan ki t ap danse epi yon lòt douz ankò ki t ap jwe biya, yo tout te vyole Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Kliyan yo te kanpe nan distans de ranje nan pwofondè nan bar la, kote yon anketè te resi kapab fè kòmand yon bwason san manje nan men bamann lan san kachnen. Anketè yo te remake pa gen okenn nan sis anplwaye ki te la yo ki te mete kachnen oswa yo pa te menm eseye fè respekte distans sosyal, kote kliyan yo t ap antremele an tout libète nan pwopriyete a.

"The Mahopac Inn" nan 927 South Lake Boulevard nan Mahopac, nan dat 4 oktòb 2020

Nan dat 2 oktòb, apre yo te pote plent epi yo te bay avètisman avan sou vyolasyon distans sosyal yo, anketè SLA yo te chita nan yon bar, kote te gen kliyan nan yon distans de pye chak bò, epi bamann lan te sèvi yo avèk kachnen l desann anba nen l. Anketè yo te remake te gen anviwon trant kliyan ki te la, kat ladan yo te kanpe ap bwè

pandan yo t ap tande yon gwoup mizikal ki t ap jwe. Mwenske trant minit apre, bar la te plen kliyan, ki gen ladan ant dis a trant moun ki te kanpe nan yon moman done, ki t ap bwè alkòl epi ki t ap mache an tout libète nan pwopriyete a san kachnen. Anketè yo te remake yon dezyèm bamann san kachnen, epi nan okenn moman yo pa te wè okenn anplwaye menm eseye fè respekte distans sosyal. Anketè SLA yo te avèti biznis sa a nan kòmansman mwa jiyè a konsènan pwotokòl distans sosyal yo ak egzijans pou tout anplwaye yo mete kachnen.

"David's Hideaway" nan 68 Route 11 nan Central Square, nan dat 4 oktòb 2020

Nan dat 2 oktòb, apre yo te pote plent pou vyolasyon distans sosyal, anketè SLA yo te fè yon vizit konfidansyèl nan pwopriyete a, epi yo te wè anviwon ven kliyan anndan bar la ak de bamann san kachnen. Nan lespas trant minit, yon gwoup mizikal kòmanse jwe epi foul la te vin de fwa plis, kote yo te rive nan pwen pa te gen ase chèz disponib pou kliyan yo chita. Anketè yo te wè plizyè kliyan ki te kanpe ki t ap bwè toupatou nan pwopriyete a, ki gen ladan anviwon ven kliyan ki te an foul devan bar la, pifò ladan yo san kachnen. Se pa premye fwa biznis sa a an kontravansyon epi yo te fè yo peye yon amann 1,500 dola nan fen mwa dout la pou vyolasyon Dekrè Egzekitif la, ki gen ladan mank distans sosyal ak anplwaye san kachnen.

"D'Ambiance" nan 1177 Grand Avenue nan Baldwin, nan dat 4 oktòb 2020

Nan dat 1ye oktòb, yon enspeksyon plizyè ajans Konte Nassau te fè te jwenn sis kliyan ki te kanpe ki t ap bwè nan yon bar san kachnen, pa te gen prèv yo te achte manje. Responsab Aplikasyon Kòd Vil Hempstead (Town of Hempstead Code Enforcement) la ak Kapitèn Ponpye a te remèt plizyè sitasyon epi yo te revoke Lisans Asanble Piblik (Public Assembly License) etablisman an paske yo pa te respekte règleman Kòd Bilding ak Dife lokal yo. Anplis de sa, Lapolis Konte Nassau rapòte ke, nan dat 27 septanm, yon goumen te kòmanse anndan yon bar ki te lakoz yo tire yon fanm anndan pwopriyete a apre sikirite te pouse sila ki te enplike nan goumen an yo deyò -- NCPD remake okenn moun nan bar la pa te rapòte ensidan an. Lapolis te eponn sou lèye pi ta nan nwit lan epi yo te wè plis pase trant kliyan anndan pwopriyete a, ki gen yon kapasite maksimòm ki mwenske vennsenk moun dapre règleman ki gen rapò ak COVID la yo. Sila yo te wè nan jou sa a te kanpe epi yo t ap bwè san kachnen, pa gen prèv yo te achte manje.

"Hitchin Post Tavern" nan 404 Court Street nan Watertown nan dat 7 oktòb 2020

Nan dat 27 septanm, an repons a plent kont yon gran rasanbleman sou pwopriyete a, Lapolis Watertown te rive nan tavèn lan, yo te jwenn plis pase swasant dis kliyan anndan an foul -- de fwa plis pase kapasite maksimòm dapre règleman ki gen rapò ak COVID la yo. Te gen plis kliyan ankò ki te rasanble nan yon espas deyò a ki dirèkteman pa deyò pwopriyete a. Lapolis te rapòte yon mank total distans sosyalni anndan ni deyò pwopriyete a, kote kliyan yo t ap antre-soti nan etablisman an tout libète pa mwayen pòt deyò a epi plizyè kliyan ki kanpe kòtakòt anndan, pifò ladan yo san kachnen. Sèn lan te sanble ak yon kondisyon yo te dekri nan yon videyo deranjan ki te montre pwopriyete sa yo ki t ap sikile sou rezo sosyo yo avan epi jounal lokal yo te rapòte l nan nouvèl.

"La Bohemia Restaurant" nan 12 East 1st Street nan Mount Vernon, nan dat 9 oktòb 2020

Nan dat 1ye oktòb, ofisye Depatman Lapolis Mount Vernon yo te fè yon enspeksyon kote yo te jwenn plis pase 100 kliyan anndan, plis pase katrevendis ladan yo te kwense nan yon espas sou dezyèm etaj la ki nòmalman gen yon kapasite karant nèf moun omaksimòm, oswa jis mwenske vennsenk dapre règleman ki gen rapò ak COVID la yo. Ofisye yo te rapòte yon atmosfè tankou yon bwatdenwi nan pwopriyete sa a, ki gen yon lisans restoran, kote kliyan yo pa mete kachnen, yo kanpe kòtakòt, epi yo klèman inyore distans sosyal. Anplis, pa gen okenn evidans yo te achte manje, pwopriyete a te itilize yon DJ ki pa gen otorizasyon, epi plizyè kliyan t ap fimen hookah ki aparaman vyole Lwa sou Fimen Alenteryè (Indoor Smoking Act) NYS la.

"Fat Buddha" nan 212 Avenue A nan Manhattan, nan dat 14 oktòb 2020

Nan dat 9 oktòb, anketè ki nan fòs entèkansyon plizyè ajans Eta a ak ofisye NYPD yo te wè plis pase ven kliyan ki te kanpe, ki te rasanble epi ki t ap bwè dirèkteman devan biznis lan san kachnen byen apre lè kouvri fe pou manje deyò nan NYC a ki se 11 p.m. Anketè yo te remake kizin lan te fèmen epi pa gen okenn prèv yo t ap vann manje, anplis plizyè kliyan t ap antre-soti nan pwopriyete a ak boutèy ki tou ouvri nan men yo. Ofisye NYPD yo te gaye foul la epi yo te bay yon sitasyon pou vyolasyon Dekrè Egzekitif yo.

"Rochelle's" nan 19 Stanton Street nan Manhattan, nan dat 14 oktòb 2020

Nan dat 9 oktòb, anketè ak fòs entèkansyon plizyè ajans yo te wè sèt kliyan ki te kanpe ak antremele anndan restoran an san kachnen. Yo te wè yon ajan sekirite nan pòt la ak manadjè pwopriyete a ki te san kachnen tou. Biznis lan t ap fonksyone byen apre limit pou sèvis alenteryè yo fèmen a minui nan Vil New York la, kote anketè yo pa te jwenn prèv sibstansyèl ke yo t ap vann manje -- sa ki an vyolasyon dirèk diektiv yo te elabore pou anpeche rasanbleman ak antremele ki te lakoz ogmantasyon ka COVID-19 yo nan lòt eta yo.

"Wise Bar & Grill" nan 35 Neptune Avenue nan Brooklyn, nan dat 16 oktòb 2020

Nan dat 9 oktòb, anketè ak fòs entèkansyon plizyè ajans yo te fè yon enspeksyon sou pwopriyete a, ki t ap opere nan yon "Zòn Oranj", kote yo te entèdi moun manje alenteryè nan kad Inisyativ Syantifik Mezi kont Gwoup Transmisyon Gouvènè Cuomo a. Apre yo te premye wè moun yo san kachnen deyò bar la ki t ap tann pou yo jwenn tab anndan, anketè yo te antre, yo te dokimante 24 kliyan ki t ap manje ak bwè anndan, klèman an vyolasyon lalwa. Anplis de sa, yo te wè yon anplwaye k ap travay nan kizin nan san kachnen.

"39 Fantastic Bar" nan 3914 8th Avenue nan Brooklyn, nan dat 16 oktòb 2020

Nan dat 10 oktòb, ofisye NYPD yo te jwenn yon bar k ap fonksyone pou ofri sèvis alenteryè nan yon "Zòn Oranj," kote yo entèdi moun manje alenteryè. Nan yon efò pou evite yo kenbe yo, etablisman an te kouvri fenèt yo pou fè sanblan ke yo te fèmen, pandan y ap fè kliyan yo antre an kachèt. Malgre yon ajan sekirite t ap eseye bare antre a, ofisye yo te dekouvri anviwon 100 kliyan ki te nan yon espas sousòl ki pa gen lisans, ki gen yon kapasite maksimòm pou sèlman 25 moun. Ofisye yo te dekouvri dis

sal kariyoki ki te plen kliyan ki t ap chante, ki t ap bwè epi ki t ap itilize sibstans reglemante yo devan tout moun, kote ofisye yo te arete sèt moun pou posesyon ketamin epi yo te bay manadjè a yon sitasyon paske l ap fonksyone yon pwopriyete nan fason danjre.

"Celtic Hall" nan 430 New Karner Road nan Albany, nan dat 18 oktòb 2020

Nan dat 11 oktòb, ofisye Depatman Lapolis Colonie an te reponn a plent pou bri nan klèb la epi yo te jwenn plis pase 200 kliyan kwense anndan pwopriyete a. Moun yo te kanpe, yo t ap bwè, ak antremele, epi plizyè kliyan t ap fimen marigwana, epi yo tout te inyore pwotokòl distans sosyal yo Lapolis Colonie an te vizite etablisman an avan, yo te rapòte ke yo gaye yon foul la avan epi yo te fèmen klèb la tanporèman nan dat 20 septanm an repons a plent pou bri. Lè sa a, ofisye yo te jwenn plis pase 100 kliyan ki te kanpe, ki t ap danse epi yo te inyore distans sosyal, kote ofisye yo te remake ni aplwaye yo ni kliyan yo pa te mete kachnen.

"Tropical Fantasy Bar & Lounge" nan 92-06 173rd Street nan Queens, nan dat 18 oktòb 2020

Nan dat 9 oktòb, ofisye NYPD yo te wè pwopriyete a t ap itilize yon tant yo te monte sou twotwa devan pwopriyete a, ki te bloke dwa pasaj pyeton yo, sa ki vyole pwogam Restoran Ouvè Vil New York la. Dapre lapolis, yo te wè plizyè kliyan ki te kanpe, ki t ap bwè epi ki te rasanble anba tant lan. Malgre yo te bay yo plis avètisman, ki gen ladan yon vizit swivi NYPD te fè nan dat 15 oktòb, ak yon enspeksyon anketè SLA yo te fè 17 oktòb, pwopriyete a kontinye itilize tant ilegal la. Se pa premye fwa lokalite sa a vyole règ yo, SLA deja emèt plizyè akizasyon ankou kont yo pou plizyè vyolasyon Dekrè Egzekitif la (EO).

"Alfie's Place" nan 3037 East 177th Street nan Bronx, nan dat 21 oktòb 2020

Nan dat 17 oktòb, ofisye NYPD ki t ap fè patwouy yo te antre nan pwopriyete a, yo te wè yon bamann ki san kachnen ak plizyè kliyan ki te kanpe nan bar la, yo te inyore distans sosyal epi yo pa te mete kachnen. Anplis de sa, yo te wè de kliyan ki te kanpe ki t ap jwe aparèy jwèt videyo ilegal. Lapolis te rapòte ke yo pa te vann okenn manje, epi espas kizin nan pa te sou pwopriyete, li fizikman apa epi yo te lwe l bay yon biznis akote a san otorizasyon SLA. Pandan yon ankèt swivi, SLA te detèmine ke yo te vann lisans alkòl etablisman an ilegalman bay yon tyès pati san apwobasyon SLA a epi yo te akize antrepriz ki gen lisans lan avèk "eksplwatasyon" lisans paske yo otorize moun SLA pa apwouve pou posede oswa fonksyone nan lokal la.

"Da Mikelle Palace" nan 102 39-55A Queens Boulevard nan Queens, nan dat 21 oktòb 2020

Nan dat 18 oktòb, depite nan Biwo Cherif Vil New York la te wè plizyè moun k ap antre nan yon biznis, ki t ap fonksyone nan yon "Zòn Wouj" ke Inisyativ pou Pran Mezi kont Gwoup Transmisyon Gouvènè Cuomo a te idantifye epi yo te limite yo a sèlman repa a anpòte oswa livrezon. Malgre y ap fonksyone ak limyè devan etablisman etenn pou fè sanblan biznis lan fèmen, depite yo te tandè mizik ap jwe anndan epi yo te antre nan pwopriyete a, yo te wè de sal ki te gen anviwon 25 moun nan chak -- ki t ap manje, bwè, ak danse san kachnen oswa san yo pa respekte pwotokòl distans sosyal yo.

Depite yo te antre nan yon espas akote a ki anndan bilding lan yo rele "Troyka Restaurant" epi yo te dekouvri anviwon 45 kliyan anplis ki t ap manje, bwè, ak danse devan yon gwoup mizikal an dirèk -- kote ni kliyan yo, ni anplwaye yo, ni manm gwoup la yo pa te mete kachnen. Dapre kliyan yo, rasanbleman an te yon resepsyon maryaj, ke yo pa te dwe otorize fèt ak tout kantite moun sa dapre règleman COVID-19 yo ki anvigè toupatou nan eta a, kote yo limite rasanbleman ki pa esansyèl yo a 50 moun. Nan "Zòn Wouj" yo, yo entèdi tout rasanbleman ki pa esansyèl yo nèt, kèlkeswa kantite moun k ap patisipe a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)